



## Antant Lekòl-Paran Lekòl Elemantè Doktè Mary McLeod Bethune Ane Akademik 2023-2024

Nan lide pou montre amelyorasyon nan siksè elèv yo, n ap bay fason ke Lekòl elemantè Doktè Mary McLeod Bethune, mamm fakilte yo, anplwaye, estaf la, fanmi yo, ak elèv yo, pral balanse responsabite yo pou fè sa. Dokiman sa ap esplike kijan lekòl la ak fanmi yo pral reyini ansanm epi kreye yon patenarya pou ede ak sipòte aprantisaj elèv yo nan yon anviwònman aprantisaj pozitif e solid, kote elèv yo pral satisfè nòm Eta yo.

### DEKLARASYON MISION

Misyon Lekòl Elemantè Doktè Mary McLeod Bethune ak Program Angajman Paran ak fanmi, se kreye yon angajman natif natal pou angaje elèv nou yo ak fanmi yo, epi kreye yon patenarya solid ant lekòl la, fanmi yo, kominote a e ak tout moun ki gen enterè nan ede elèv yo rive nan yon nivo akademik ki pi wo ak reyisit konpòtman yo nan ranfòse konesans fanmi yo, ak moun ki gen enterè yo nan opòtinite aprantisaj avèk tèks enfòmasyonèl, objektif solid pou aprann ak enstwi, ak profil aprantisaj Bakaloreya Entènasyonal.

### DEKLARASYON VIZYON

Lekòl Elemantè Doktè Mary McLeod Bethune kwè tout elèv pral demonstre konpetans akademik ak karaktè yo.

- Nou kwè ke nou dwe evalye bezwen aprantisaj elèv yo epi bay yon enstriksyon ki adapte pou satisfè bezwen chak elèv.
- Nou kwè nan ranfòsman gro atant nan reyisit akademik ak karaktè.
- Nou kwè nan kontinyete aprantisaj profesyonèl ak kolaborasyon tout moun ki gen enterè nan sa.

### Objektif Akademik nou

- Lekòl la pral amelyore kapasite ansèyman an atravè yon sèl kilti pou lekòl la ak yon ansèyman efikas k ap amelyore reyisit elèv yo nan tout nivo, ogmante konpreyansyon lekti sòti nan Prekindègadem (PK) jiska 5yèm ane, devlope vokabilè epi fè koneksyon ak tèks.
- Lekòl la pral ogmante efikasite pou aprann vit ak adisyon, soustraksyon, multiplikasyon, divizyon nan klas PreK-5.

### RÈGLEMAN ATANT POU LEKOL LA

Administrasyon lekòl la ak anplwaye yo pral:

- Bay yon yon kourikoulòm siperyè ak ansèyman solid nan yon anviwònman aprantisaj k ap bay sipò ak sekirite epi pèmèt elèv yo satisfè oswa depase estanda akademik yo tout kote nan kourikoulòm yo.
- Kominike ak lòt objektif aprantisaj yo bay tout elèv.
- Tounen yon sous enfòmasyon ak sipò ke fanmi an bezwen pou pran swen pitit yo.
- Kwè ke chak timoun ka aprann.
- Kominike bay paran oubyen Responsab yo progrè elèv yo sou yon baz regilye.
- Bay enfòmasyon sou tout elèv nan yon fason ki pozitif.
- Bay posibilite pou paran osinon responsab yo sèvi kòm volontè epi patisipe nan proses aprantisaj la.
- Devlope epi aplike yon modèl program PreKindègadem pou timoun 3 ak 4 lane yo k ap adrese tout bezwen nan devlopman timoun PreKindègadem yo.
- Bati kapasite ak angajman paran yo pou yo asime yon wòl ki plis angaje e plis efikas nan edikasyon pitit yo, pandan e aprè joumen lekòl la.

### RÈGLEMAN ATANT POU PARAN ELÈV YO

Paran yo pral sipòte aprantisaj elèv yo nan:

- Asire ke pitit yo toujou ale lekòl a lè e mete imfòm sou yo chak jou.
- Prezan nan tout konferans Paran / profesè, yo dwe patisipe nan tout desizyon k ap pran konsènan edikasyon pitit yo pou ogmante reyisit akademik yo.
- Siveye devwa timoun yo ap fè lakay yo- bay yon tan ak yon espas trankil pou devwa ak lekti.
- Patisipe nan aktivite lekòl yo- Tit I rankont anyèl, Konsèy Konsiltatif Lekòl la, pwogram yo, atelye travay yo, Joumen pòt ouvè, Edikasyon famiyal, Evènman Lasyans, Nwit Matematik, vizit sou teren, program elèv yo ak / konferans pwofesè paran yo, elatriye.
- Kominike tanzantan ak anplwaye lekòl la konsènan bezwen ak sikonstans elèv yo.

### RÈGLEMAN ATANT POU ELÈV YO

Elèv yo pral sipòte pwòp aprantisaj yo nan:

- Fikse bon jan objektif epi travay pou reyalize yo.
- Rete pozitif epi rive lekòl la a lè avèk materyèl, devwa ak ajannda elèv chak jou.
- Montre respè pou pwòp tèt ou, kamarad klas ou, espas lekòl la, ak manm pèsònèl yo.
- Swiv tout prensip lekòl la, règleman, règleman ak prensip nan klas yo, klas fay At yo, kafeterya, lakou rekreyasyon, ak tout espas nan lekòl la.
- Pote tounen lakay tout komunikasyon (kalandriye, flayè, bilten, avi, ajannda, elatriye) ki sòti lekòl la pou pataje ak paran yo oswa mamm fanmi yo.
- Vini lekòl la chak jou byen abiye ak rad lekòl la sòti Lendi pou rive Vandredi.
- Patisipe nan aprantisaj ak sèvis sosyal / emosyonèl / sante mantal yo.

Antant Paran-Lekòl la pral diskite avèk ou pandan tout ane a nan divès rankont paran / fanmi pandan n ap travay ansanm pou ede pitit ou satisfè nòm akademik Eta. N ap tann ak enpasyans patenarya Lekòl-Paran nou an.

Siyati Antant lenk pou paran

[Click link to sign & acknowledge that you have read, received, and agree to this School-Parent Compact](#)

-----TEAR OFF AND RETURN TO SCHOOL STAFF-----

\_\_\_\_\_  
Paran / Gadyen

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Elèv

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Pwofesè

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Direktè

\_\_\_\_\_  
Dat

Non Elèv la (ekri an lèt detache): \_\_\_\_\_